# Нөкис қаласында автотранспортлардың ҳәрекетлениў ўақты өзгерди

**Нөкис қаласы “сары” категорияға өткерилгени себепли Өзбекстан Республикасына коронавирустың кирип келиўи ҳәм тарқалыўының алдын алыў бойынша республика арнаўлы комиссиясы жыйналысының 2020-жыл 14-майдағы 23-санлы баянламасына тийкар пайтахтымыз аймақларында саат 06.00 ден – 22.00 ге шекемги болған ўақыт аралығында автотранспорт қуралларының арнаўлы руқсатнамасыз (стикерсиз) ҳәрекетлениўине руқсат етилди.**

Image not found or type unknown

Бул ҳаққында Қарақалпақстан Республикасына коронавирустың кирип келиўи ҳәм тарқалыўының алдын алыў бойынша илажлар бағдарламасын таярлаў бойынша республикалық арнаўлы комиссиясының мәжилис баянламасы қабыл етилди.

Еслетип өтемиз, автотранспорт қураллары салонындағы пуқаралардың саны авторанспорт басқарыўшысы менен қоса 4 адамнан аспаўы қатаң белгилеп қойылған.

Сондай-ақ, барлық аймақларда олардың категориясына қарамастан әмелдеги белгилеп қойылған талаплар сақланып қалады.

Ҳүрметли пуқаралар ҳәм автотранспорт қуралларын басқарыўшылар! Сизге Қарақалпақстан Республикасы “қызыл” категорияда турғанын жәнe бир мәрте ескерте отырып, Карантин талапларының жумсартылыўына байланыслы арқайынлыққа берилместен белгиленген қағыйдаларға қатаң әмел етиўге шақырамыз!

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети